

Sipòte Youn Lòt nan Moman Difisil yo

5 novanm 2025

Chè Kominote Inivèsite Maryland,

Nou konprann peryòd sa a rete yon peryòd difisil pou anpil moun nan kominote nou an. Gen kèk nan manm fanmi, zanmi ak kòlèg nou k ap fè fas ak enpak rediksyon resous epi pèt avantaj SNAP yo, epi gen kèk moun dènye revokasyon ak konje tanporè federal yo te afekte. Moman difisil sa yo fè nou sonje nou se yon kominote solidè, motive atravè valè ki defini kiyès nou ye nan Inivèsite Maryland.

Pandan n ap sipòte youn lòt, nou vle pataje resous enpòtan sou kanpis la ak nan kominote a tou, ki disponib pou ede moun ki nan bezwen.

Resous ak Opòtinite pou Ede sou Kanpis la

Gadmanje Kanpis UMD ou an, ki nan Sal Manje Kanpis Sid la, li ouvè pou sipòte ou, pwofesè ak anplwaye k ap fè fas ak ensekirite alimantè. Itilizasyon Gadmanje a te ogmante anpil, epi anpil nan founisè regilye nou yo ap fè fas ak rate nan sitiyasyon aktyèl la. Nou ankouraje kominote nou an pou yo reyini ansanm pou sipòte youn lòt pandan y ap patisipe nan kanpay koleksyon manje k ap vini yo:

- Lendi 10 novanm: Kanpay Don pou Pran ak Depoze Manje San Desann Machin
Anbakadè Sal Manje Kanpis Sid la, 8:00 a.m. jiska 3:00 p.m.
- Mèkredi 19 novanm: Evènman pou Depoze Manje ak Kanpay Donje Ma
Mache Kiltivatè yo, Tawes Plaza, 11:00 a.m. jiska 3:00 p.m.
- Lendi 1 desanm: Kanpay Don pou Pran ak Depoze Manje San Desann Machin
Anbakadè Sal Manje Kanpis Sid la, 8:00 a.m. jiska 3:00 p.m.

Ou kapab chwazi pou sipòte Gadmanje UMD a tou, pandan w ap patisipe a travè Rejis pou

Don yo a oswa fè yon don lajan atravè Sit pou Fè Don yo a.

Etidyan yo kapab jwenn plis sipò tou, atravè Sant Thrive pou Bezwen Esansyèl yo, kote yo ka aplike pou sibvansyon lè gen kriz ekonomik epi jwenn lòt resous itil.

Resous Kominotè ki pa Sou Kanpis la

Nou ankouraje nenpòt moun ki afekte pou chèche lòt sipò ki disponib nan kominote nou an:

- Konte Prince George ofri yon varyete pwogram pou travayè federal ki afekte yo, tankou manje, sèvis piblik, èd pou lwaye, fòmasyon pwofesyonèl ak asirans sante. Anplwaye ki afekte yo ka enskri atravè konte a pou jwenn aksè ak resous sa yo. Epitou konte a te etabli yon baz done pou swiv epi sipòte moun k ap fè fas ak ensekirite alimantè.
- Eta Maryland lan te develope yon zouti pou ede sitwayen yo jwenn yon bank alimantè ki pa lwen yo.
- The Capital Area Food Bank ouvri plizyè sit distribisyon manje tanporè", san wete youn ki pa lwen Hyattsville.

Anplis, Gouvènè Moore deklare yon eta dijans nan Maryland epi li anonse yo pral mete \$62 milyon fon disponib pou èd alimantè atravè eta a. Pandan n ap ~~konte~~ bay plis detay, nou gen espwa investisman sa a pral soulaje chaj la pou anpil moun.


Avèk Anpil Swen ak Rekonesans

Menm nan tan difisil yo, nou dwe kontinye jwenn moman lajwa. Nou pwofondman rekonesan pou lespri jenewozite ak solidarite ou te pote nan ~~sesèn~~ Retwouvay la. Ansanm, nou te kreye yon selebrasyon ki te fè nou sonje sa ki rann Inivèsite Maryland yon kote espesyal ~~konsa~~

moun nou yo.

Ann kontinye sipòte youn lòt pandan tan difisil sa yo. Don ou yo pandan kanpay koleksyon manje nou an sou kanpis la ak sa ki pa sou kanpis la ap fè yon diferans. Nan Inivèsite Maryland, nou investi nan anplwaye nou yo—mèsi paske ou ede nou fè sa avèk jenewozite ou.

Avèk anpil swen ak rekonesans,

A handwritten signature in black ink that reads "Darryll J. Pines". The signature is fluid and cursive, with the first name being the most prominent.

Darryll J. Pines

Prezidan, University of Maryland, College Park

Li (Pwonon Maskilen)

A handwritten signature in black ink that reads "Patricia A. Perillo". The signature is cursive and somewhat stylized, with the first name being the most prominent.

Patricia A. Perillo

Vis Prezidan pou Zafè Etidyan yo

Li (Pwonon feminen)

A handwritten signature in black ink that reads "Jennifer King Rice". The signature is cursive and somewhat stylized, with the first name being the most prominent.

Jennifer King Rice

Vis Prezidan Prensipal epi Dwayèn

Li (Pwonon Feminin)